

# **THE STORY OF CHOLERA**

**A PRODUCTION OF**

**GLOBAL HEALTH MEDIA PROJECT**

**IN COLLABORATION WITH**

**YONI GOODMAN**



Sa a se istwa sou jan kolera te chanje zòn mwen an.



Yon bann kras mikwòb kolera simen nan rivyè a.



Yo tèlman piti, ou pa ka wè yo; men, yo se yon gwo danje.



A san yo pa konnen ...



... medam yo pote kolera lakay yo nan dlo.



Mouch pot kolera nan pat yo.








Men ki pa lave fè kolera a gaye tou.







Nou vale mikwòb kolera a nan dlo nou bwè ...



sou manjen',




ak sou dwèt nou.



Tout bagay te pase byen vit. Papa m te leve byen  
mal.



Li te gen yon dyare ki sanble ak yon dlo diri k ap tonbe sou li.  
Se pa ti pè mwen te pè.



M'te al mande moun ede m'.



Se premye fwa m' kouri konsa!



Enfimyè a te annik gade papa m', li te wè l' te gen kolera.  
Li te bezwen likid tou swit.



Li pat gen sewòm oral,



donk nou te oblije fè yon bwason spesyal pou li. Nou te trete dlo a anvan – nou te koule l' nan yon twal



epi nou te bouyi l'



pandan yon minit.



Après, vous devez mélanger demi tasse de sel et six tasses de sucre dans un litre d'eau. Le goût de l'eau sera - même si elle est sale.



Mwen te pè pou papa m' pa t' mouri devan je m'.  
Men li te vin kòmanse gen yon ti fòs.



Enfimyè a te di m' se pa tout moun ki vale mikwòb kolera a ki tonbe  
malad tankou papa m', men yo ka toujou simaye maladi a.



M' bezwen pote dlo pwòp nan zòn mwen an epi montre moun  
yo kijan pou yo pwoteje tèt yo kont kolera.



Mwen te wè yon ti fi ki t'ap pote dlo.



Mwen di li ta ka trete dlo a si l' mete gout klowòks ladan l' epi tann 30 minit.




Gen yon mesye



ki ta pral manje san l' pa lave men l'.



M'di l' pou l' toujou lave men l' ak savon epi ak dlo pwòp  
lè l'' sot nan twalèt.




Se sèlman lè l manje ak men l' pwòp ke p'ap gen danje.



M'te wè peyizan yo ap met kolera



nan rivyè nou an.




M'di yo fòk nou fouye twou latrin byen lwen rivyè a,  
omwen yon distans 30 mè.




Sa a te enpòtan pou zòn nou an ret pwòp.



M'te wè yon manman ap fè manje nan move kondisyon.



M'di l': nou dwe lave men l' ak savon epi ak dlo pwòp anvan,



apresa lave manje a epi kale l'.



Kwit li epi toujou manje l' tou cho.



Kouvri l' pou mouch pa al ladan l'.



M'lage pawòl la nan tout zòn mwen an epi m' tounen al jwenn papa m'.



M'te byen kontan wè l' te vin miyò.



Zòn nou an te vin anfòm. Kounye a nou filtre dlo nou  
epi nou bouyi l' pou l' ka pwòp.



Nou toujou itilize latrin, epi n' TOUJOU lave men n' apres.



Pa gen mouch sou manje n' ...



nou lave l', nou kale l', nou kwit li.



Epi nou TOUJOU lave men n' anvan n' fè manje ak anvan n' manje.



Nou pwoteje zòn nou an kont kolera.



Fè pawòl la gaye. Zòn pa'w la ka anfòm tou.



# GLOBAL HEALTH MEDIA PROJECT

<http://globalhealthmedia.org/>

## **Disclaimer of Warranty and Limitation of Liability**

Global Health Media Project does not guarantee the accuracy of the information in this video and is not responsible or liable for any damage, loss, or injury arising from its use. The information in this video is not a substitute for medical advice, diagnosis, or treatment.

**COPYRIGHT 2011 GLOBAL HEALTH MEDIA PROJECT, LIMITED**

This work may be used according to the terms of our Creative Commons License: free distribution with attribution, no commercial use, no alterations.